**दिन–सोमवार** **दिनांक–25.03.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारतीय जनता पार्टी सत्रह संसदीय क्षेत्र लेल अपन प्रत्याशीक घोषणा कऽ देलक अछि। एहि मे चारि नव व्यक्ति सम्मिलित छथि। बक्सर सँ निवर्तमान सांसद अश्विनी कुमार चौबेक स्थान पर पूर्व विधायक मिथिलेश तिवारी के उम्मीदवार बनाओल गेल छनि। ओतहि, मुजफ्फपुर सँ अजय निषादक बदला राजभूषण निषाद प्रत्याशी भेलाह। सासाराम सँ छेदी पासवानक स्थान पर शिवेश राम के पार्टी टिकट देलक अछि। शिवहरक सीट सहयोगी दल जदयूक हिस्सा मे चलि जयबाक कारणे निवर्तमान सांसद रमा देवी के टिकट कटि गेलनि। एहि बेर भाजपा बिहार सँ कोनो महिला प्रत्याशी के टिकट नहि देलक अछि। केन्द्रीय मंत्रीगण मे आर.के. सिंह, गिरिराज सिंह आ नित्यानन्द राय पुनः अपन सीट सँ उम्मीदवार घोषित भेल छथि। केन्द्रीय मंत्री आर.के सिंह आरा संसदीय क्षेत्र सँ नित्यानंद राय उजियारपुर सँ आ गिरिराज सिंह बेगूसराय सँ चुनाव लड़ताह।

---

एकर अतिरिक्त औरंगाबाद सँ सुशील कुमार सिंह, सारण सँ राजीव प्रताप रूढ़ी, पश्चिम चंपारण सँ संजय जयसवाल, पूर्वी चंपारण सँ राधामोहन सिंह, मधुबनी सँ अशोक कुमार यादव, दरभंगा सँ गोपाल जी ठाकुर, अररिया सँ प्रदीप कुमार सिंह आ माहाराजगंज सँ जर्नादन सिंह सिग्रीवाल के टिकट भेटल। एनडीए मे सीटक समझौताक अंतर्गत भाजपाक हिस्सा मे आयत नवादा सीट सँ राज्यसभा सांसद विवेक ठाकुर चुनाव लड़ताह। ओम्हर, लोजपा आरक अध्यक्ष चिराग पासवान कहलनि अछि जे हुनक होलीक बाद प्रत्याशीक सूची जारी करत।

---

जनता दल यूनाईटेड सेहो अपन कोटाक सभ सोलह सीट पर प्रत्याशीक घोषणा कयने अछि। पार्टी बारह निवर्तमान सांसद के पुनः टिकट देलक अछि। सीतामढ़ी लोकसभा सीट सँ सुनील कुमार पिन्टु आ सीवान संसदीय क्षेत्र सँ निवर्तमान सांसद कविता सिंह के टिकट नहि भेटलनि। पार्टी सीवान सँ विजयलक्ष्मी कुशवाहा आ सीतामढ़ी सँ विधान परिषदक सभापति देवेशचंद्र ठाकुर के प्रत्याशी घोषित कयलक अछि। राजद के छोड़ि कऽ जदयू मे आयल लवली आनंद के शिवहर सँ उम्मीदवार बनाओल गेल छनि। एनडीए मे भेल सीट समझौताक अंतर्गत जदयूक गया आ काराकट संसदीय सीट सहयोगी दलक खाता मे चलि गेल अछि। एहि कारणे गया के निवर्तमान सांसद विजय मांझी आ कारकटक निवर्तमान सांसद महाबली सिंह के टिकट सँ वंचित होबऽ पड़लनि।

———————————————————————

प्रदेश मे पहिल चरणक चुनाव लेल नामांकन भऽ रहल अछि। पहिल चरण मे गया, औरंगाबाद, नवादा आ जमुई संसदीय क्षेत्र मे भोट खसाओल जायत। एहि क्षेत्र मे नामांकनक अंतिम तिथि अट्ठाईस मार्च अछि। गया संसदीय सीट सँ एखन धरि तीन निर्दलीय उम्मीदवार नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। जखनकि, औरंगाबाद मे आइ भाजपा प्रत्याशी सुशील कुमार सिंह सहित छओ प्रत्याशी अपन नामांकन पत्र दाखिल कयलनि। जमुई मे आइ धरि कोनो नामांकन पत्र दाखिल नहि भेल अछि। नवादा मे राजदक दिस सँ श्रवण कुशवाहा नामांकन पत्र दाखिल कयलनि।

———————————————————————

रंग गुलालक पावनि होली आइ उल्लास आ उमंगक संग मनाओल जा रहल अछि। कतेको ठाम काल्हियो होली मनाओल जायत। भद्रा नक्षत्र हेबाक कारणे आ पूर्णिमा तिथि आइ उदय हेबाक कारणे एहि बेर कतेको लोक काल्हियो होली मनौताह। जिला मुख्यालय सभ सँ हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे पुरा माहौल होलीमय अछि। सवेरे सँ लोक सभ रंग माटि सँ आ दूपहर बाद अबीर गुलालक संग होली खेल रहल छथि, एक दोसर के शुभकामना संग बधाई सेहो दऽ रहल छथि। हमर दरभंगा संवाददाता जनौलनि अछि जे आइ पारंपरिक तरीका सँ होली खेलल गेल, जखनकि जिला मे किछु ठाम लोक काल्हियो होली खेलताह। सहरसा मे सेहो आइ होली खेलल गेल। हमरा सहरसा संवाददाता कहलनि अछि जे जिलाक वनगांव मे काल्हिए घुमोर होलीक आयोजन भेल। विदित अछि जे एहि गांम मे पूर्णिमा तिथि के होली मानाओल जाइत अछि। पटना आ आनो क्षेत्रक कतेको ठाम काल्हियो होली मनाओल जायत। होली के लऽकऽ प्रशासन विशेष चौकसी राखि रहल अछि।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोक सभ के होलीक शुभकामना देलनि। अपन संदेश मे राज्यपाल कहलनि जे होली असत्य पर सत्य आ दुराचार पर सदाचारक विजयक पर्व अछि।

---

बेगूसराय जिलाक बछवाड़ा थाना क्षेत्रक झमटिया ढाला लऽग एनएच पर एक कार के खाधि मे उनटि गेला सँ माऽए–बेटीक मृत्यु भऽ गेलनि, जखनकि पिता–पुत्र घायल भऽ गेलाह। ई लोकनि सपरिवार मुजफ्फरपुर सँ जमुई जाइत छलाह।

मधेपुरा जिलाक कुमारखण्ड थाना क्षेत्रक रहटा स्थित एसएच एकानवे पर आइ दू मोटरसाईकिलक सोझा सोझी टक्कर मे एक गोटेक ठामहि मृत्यु भऽ गेलनि, जखनकि दू गोटे घायल भऽ गेलाह।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।